**दिन–सोमवार** **दिनांक–01.06.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

———————————————————————————————————

बिहार विधान परिषदक रिक्त भेल दस गोट सीटक चुनाव लेल आइ अधिसूचना जारी भऽ गेल अछि। अधिसूचना जारी होयबाक संगहि नामांकनक प्रक्रिया सेहो शुरू भऽ गेल अछि। एहि सीट सभ मे सँ नओ गोट सीटक लेल द्विवार्षिक चुनाव भऽ रहल अछि, जखनकि पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक इस्तीफा सँ रिक्त भेल एक सीटक लेल उपचुनाव भऽ रहल अछि। निर्वाचन आयोग सँ भेटल जनतबतक अनुसार नामांकनक अंतिम तिथि आठ जून धरि निर्धारित अछि। प्रत्याशी एगारह जून धरि नाम वापस लऽ सकैत छथि। एहि सीट सभक लेल अठारह जून कँ मतदान होयत आ एही दिन साँझ खन मतगणना कयल जायत। ध्यातव्य अछि जे डॉक्टर कुमुद वर्मा, प्रोफेसर गुलाम गौस, सुनील कुमार सिंह समेत नओ विधान पार्षद् लोकनिक कार्यकाल अट्ठाईस जून कँ पूरा भऽ रहल अछि।

———————————————————

केंद्रीय कृषि आ किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान आइ मध्य प्रदेशक रायसेन सँ राष्ट्रव्यापी **'खेत बचाओ अभियान'** केर शुभारंभ कयलनि। ई अभियान तीस जून धरि चलत। अभियानक मुख्य उद्देश्य उर्वरक केर संतुलित आ उचित उपयोग बढ़ायब, मौसम संबंधी चुनौती सभक मध्य किसान लोकनि कँ समय पर सलाह देब आ पंचायत स्तर पर जनभागीदारी सुनिश्चित करब अछि। एम्हर, पटना मे कृषि भवन मे आयोजित कार्यक्रम मे कृषि मंत्री विजय कुमार सिन्हा शामिल भेलाह। ओ कहलनि जे अभियानक दरमियान किसान लोकनि कँ रासायनिक खादक स्थान पर हरित खादक उपयोगक लेल प्रेरित कयल जायत। श्री सिन्हा जनौलनि जे अभियानक दरमियान किसान लोकनि कँ किसान क्रेडिट कार्ड आ प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधि योजना सँ सेहो जोड़ल जायत।

———————————————————

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी बिहार लेल घोषित प्रधानमंत्री पैकेज आ केन्द्रीय बजट केर घोषणा सभक कार्यान्वयन मे तेजी अनबाक अधिकारी लोकनि कँ निर्देश देलनि अछि। पटना मे उच्च स्तरीय समीक्षा बैसक मे श्री चौधरी सभ परियोजना कँ समय पर आ गुणवत्तापूर्ण ढंग सँ पूरा करबाक संबंध मे आवश्यक निर्देश देलनि। मुख्यमंत्री एहि गप पर जोर देलनि जे जनहित योजना सभक लाभ अंतिम व्यक्ति धरि पहुंचय। एम्हर, समाज कल्याण विभागक समीक्षा बैसक मे मुख्यमंत्री समाजिक सुरक्षा पेंशन योजना सभक राशि सभ मासक दस तारीख धरि लाभार्थी लोकनिक खाता मे सुनिश्चित रूप सँ भेजबाक निर्देश देलनि।

———————————————————————

राज्य सरकार गर्मी कँ देखैत आमजन कँ शुद्ध पेयजलक आपूर्ति सुनिश्चित करबा आ सभ खराब पड़ल चापाकल कँ पंद्रह जून धरि चालू करबाक निर्देश देलक अछि। मुख्य सचिव प्रत्यय अमृत वीडियो कॉन्फ्रेंस केर माध्यम सँ पेयजल संकटक समाधान आ चापाकल सभक मरम्मति लेल भेल बैसक मे एहि संबंध मे अधिकारी लोकनि कँ दिशा–निर्देश देलनि।

———————————————————————

आम लोक सभक समस्याक निपटारा लेल पंचायतक तर्ज पर राज्यक नगर निकाय सभ मे काल्हि सँ सहयोग शिविरक शुरूआत भऽ रहल अछि। एहि मे लोक सभ सँ प्राप्त आवेदनक आधार पर हुनक समस्या सभक समाधान तीस दिनक भीतर कयल जायत। काल्हिए राज्यक पंचायत सभ मे सेहो सहयोग शिविर आयोजित कयल जायत।

———————————————————————

प्रदेश मे सरकारी बस सभ सँ यात्रा करब आइ सँ महंगा भऽ गेल अछि। परिवहन विभाग बस किराया मे दस सँ पंद्रह प्रतिशत धरिक बढ़ोतरी कयलक अछि। ओतहि, सिटी बस सभक किराया मे सेहो पंद्रह प्रतिशत धरिक बढ़ोतरी कयल गेल अछि।

———————————————————————

तेल कंपनी सभ उन्नैस किलोग्रामवला व्यवसायिक एलपीजी सिलेंडर केर दाम मे तिरपन टाका पचास पैसाक बढ़ोतरी कयलक अछि। आब पटना मे कॉमर्शियल गैस सिलेंडर तीन हजार चारि सय चौदह टाका पचास पैसा मे भेटत। ओतहि, घरेलू सिलेंडर केर दाम मे कोनो बदलाव नहि कयल गेल अछि। नव दर आइ सँ लागू भऽ गेल अछि।

———————————————————————————

जेईई–एडवांस्ड दू हजार छब्बीस मे गयाजीक शुभम कुमार देशभरि मे पहिल स्थान प्राप्त कयलनि अछि। ओ एहि परीक्षा मे तीन सय साठि मे सँ तीन सय तीस अंक प्राप्त कऽ कॉमन रैंक लिस्ट मे पहिल स्थान प्राप्त कयलनि। गयाजी केर नादरागंज ब्रह्म्नी घाट निवासी शुभम जेईई मेंस केर दुनू सत्र मे सय परसेंटाईल प्राप्त कयने छलाह। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी शुभम कुमार कँ एहि सफलता पर बधाइ देत हुनकर उज्ज्वल भविष्यक कामना कयलनि अछि। केन्द्रीय मंत्री आ गयाक सांसद जीतनराम मांझी शुभम कँ बिहारक गौरव जनबैत एहि उपलब्धि पर हुनका बधाइ देलनि अछि।

———————————————————————————

प्रसिद्ध गायिका सुमन कल्याणपुरक काल्हि मुंबई स्थित हुनक आवास पर निधन भऽ गेलनि। ओ नवासी वर्षक छलीह। ओ उन्नैस सय पचास सँ उन्नैस सय सत्तरि केर दशक मे फिल्म संगीत मे हिन्दी आ मैथिली समेत अनेक भारतीय भाषा मे अपन मधुर गायिकी लेल प्रसिद्ध छलीह। हुनकर निधन पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी श्रद्धांजलि देलनि अछि।

———————————————————————————

. समाप्त